**दिन–रविवार** **दिनांक–30.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे नशामुक्त युवा फोर विकसित भारत अभियान देशभरि मे तेजी सँ आगू बढ़ि रहल अछि। आकाशवाणी पर **मन की बात** कार्यक्रम मे आइ अपन विचार साझा करैत श्री मोदी एहि गप पर प्रसन्नता व्यक्त कएलनि जे नशामुक्त युवा आ नशामुक्त भारत मात्र एकटा औपचारिकता नहि अछि, किएकि बहुत रास लोक आ विशेष कऽ युवा पैघ संख्यामे एकर हिस्सा बनि रहल छथि। ई भारतक युवा लोकनिक स्वास्थ्य, खुशी आ उज्ज्वल भविष्य लेल सामूहिक संकल्प अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे नशाक लत सँ मात्र एक्केटा व्यक्ति पर दुष्प्रभाव नहि पड़ैत अछि बल्कि पूरा परिवार आ समाजकेँ एकर परिणाम भोगय पड़ैत छनि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे पीएम स्वनिधि योजनाक माध्यम सँ लाखो महिलासभकेँ नव शक्ति प्राप्त भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे महिला सशक्तिकरणक एहि पहलू पर खास चर्चा होयबाक चाही। श्री मोदी कहलनि जे लगभग 46 प्रतिशत महिलासभ पीएम स्वनिधि योजनाक लाभार्थी छथि। ओ कहलनि जे देशभरिक लगभग 35 लाख महिलासभ एहि योजना सँ जुड़ि कऽ अपन कारोबारकेँ आगू बढ़ा रहल छथि।

---

श्री मोदी मिशन शक्तिसैट केर उल्लेख करैत कहलनि जे एहि पहल सँ एक सय आठ देशक 12 हजार छात्रासभकेँ उपग्रह प्रौद्योगिकी सीखबा आ नवाचारक क्षेत्रमे आगू बढ़बाक अवसर भेटि रहल अछि। ओ कहलनि जे देशक बेटीसभक सपनाक उड़ान धरती सँ निकलि कऽ अंतरिक्ष धरि पहुँची रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे अगस्त मास अपना संगहि देशभक्ति केर कतेको रंग लऽकऽ आयल अछि। ओ कहलनि जे राष्ट्रीय हथकरघा दिवस आ भारत छोड़ो आंदोलन केर वर्षगांठ सँ लऽकऽ विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस धरि एहि मासकेँ विशेष बनौलक। मन की बात मे

श्री मोदी आबयवला पाबनि–तिहारक दरमियान लोकसभ सँ वोकल फॉर लोकल केर आग्रहकेँ आगू बढ़यबाक अपील सेहो कएलनि। श्री मोदी कहलनि जे किछु दिन बाद भारतमे जन्माष्टमी आ विश्वकर्मा पूजा मनाओल जायत। दीपावली सेहो किछु मासमे मनाओल जायत आ एहि लेल तैयारी सभ शुरू भऽ गेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे वोकल फॉर लोकल केर मतलब ई नहि अछि जे अहाँ मात्र माटिक दीप कीनू। एकरा पाछू बड़्ड़ व्यापक दृष्टि अछि। ओ कहलनि जे भारतक आत्मनिर्भर बनबाक बाट भारतमे बनल उत्पाद पर गर्व करबा सँ प्रशस्त होयत।

———————————————

मध्य नेपालमे अचानक आयल भीषण बाढ़िक घटनामे मरयवलाक संख्या बढ़ि कऽ सात सय अड़सठि भऽ गेल अछि। आपदाक बाद सँ लगभग दू हजार पाँच सय लोक एखनहुं लापता छथि। आपदाक पाँचम दिन सेहो बचावकर्मी लापता लोकसभक खोज आ फँसल लोकसभकेँ बचेबाक लेल तेजी सँ काज कऽ रहल छथि। एम्हर, नेपाल सरकार भोटे कोशी नदीमे बाढ़ि लेल नव अलर्ट जारी कएलक अछि आ नदी कात रहयवला लोकसभ सँ सतर्क रहबाक लेल कहलक अछि। भारतीय विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल जनौलनि जे नेपालमे अचानक आयल बाढ़िक त्रासदीक बाद सँ एखन धरि एक सय आठ भारतीय नागरिककेँ बचाओल जा चुकल अछि।

———————————————

भारत बाढ़ि प्रभावित नेपालमे राहत आ बचाव काजमे लगातार सहयोग कऽ रहल अछि। विदेश मंत्रालय जनौलक जे एगारह टन राहत सामग्री लऽकऽ चारिम उड़ान काठमांडू पहुँची चुकल अछि आ राहत सामग्री नेपाल सरकारकेँ सौंपि देल गेल अछि।

———————————————

कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे किसान लोकनिकेँ गुणवत्तायुक्त उर्वरक आ बीया समय पर सुगमता सँ उपलब्ध कराबय लेल उर्वरक केर बिक्री व्यवस्थाकेँ डिजिटल आ पारदर्शी बनाओल जा रहल अछि। पटनामे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री सिन्हा कहलनि जे एहि लेल फ्रेमवर्क फॉर फर्टिलाइजर सेल एप्लिकेशन सिस्टम केर माध्यम सँ ऑनलाइन व्यवस्था विकसित कएल गेल अछि। श्री सिन्हा कहलनि जे वैशाली आ शेखपुरा जिलामे पायलट प्रोजेक्टक रूपमे फार्मर आईडी केर आधार पर किसान केँ उर्वरक उपलब्ध कराओल जा रहल छनि। एकरा चरणबद्ध रूप सँ राज्यभरि मे लागू कएल जायत।

———————————————————

दक्षिण–पश्चिम मानसूनक सक्रियताक कारण प्रदेशक कतेको भाग सभमे मध्यम सँ भारी बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग आइ औरंगाबाद, गया आ रोहतास जिलामे कतेको ठाम भारी बरखाक अलर्ट जारी कएलक अछि। ओतहि, अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भागक कतेको ठाम तेज हवाक संग बरखा आ ठनका खसबाक ऑरेंज अलर्ट जारी कएलक अछि।

———————————————————

मधुबनी जिलाक बासोपट्टी थाना क्षेत्र अंतर्गत बाजार इलाकामे पुलिस छापेमारी कऽ तीन सय पचास ग्राम गांजाक संग एक महिला तस्करकेँ गिरफ्तार कएलक।

अररिया जिलाक गैयारी पंचायतमे जीविका सुधा बिक्री केन्द्रक शुभारंभ कएल गेल। जिलाधिकारी विनोद दूहन एकर उद्घाटन कएलनि।

———————————————————

समाप्त